Pou Piblikasyon Imedya: 17/08/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

LÈT GOUVÈNÈ HOCHUL LA BAY SEKRETÈ SEKIRITE TÈRITWA A: METE FEN NAN ESTATI PWOTEKSYON TANPORÈ POU PLIZYÈ SANTÈN MILYE IMIGRAN SE YON ZAK ENSOUSYAN AK MECHAN

Gouvènè Hochul reyafime gwo opozisyon li kont revokasyon Estati Pwoteksyon Tanporè a; Li mande Depatman Sekirite Teritwa a pou li chanje desizyon li

Kopi lèt la disponib isit la

Gouvènè Kathy Hochul te voye yon lèt bay Markwayne Mullin, Sekretè Depatman Sekirite Teritwa (Department of Homeland Security, DHS) Etazini, pou reyafime gwo opozisyon li kont revokasyon pwoteksyon pou plizyè santèn milye imigran anba Estati Pwoteksyon Tanporè (Temporary Protected Status, TPS).

Tout tèks lèt la anba a:

Chè Sekretè Mullin:

Mwen ekri w pou m fè swivi ak yon konvèsasyon mwen te genyen ak Prezidan Trump epi pou
m reyafime gwo opozisyon mwen kont revokasyon pwoteksyon pou plizyè santèn milye imigran anba Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS).

Lefètke yo mete fen britsoukou ak san pitye nan TPS pou moun ki prezan legalman, tankou
revokasyon ki te fèt dènyèman pou Ayisyen yo ak revokasyon ki gen pou fèt pou Salvadoryen yo, pral fòse Eta Nouyòk ak gouvènman lokal yo mete fen nan travay plizyè santèn anplwaye esansyèl depi semèn pwochèn, sa ki pral mete mwayen yo genyen pou yo viv – e petèt sekirite yo – an danje.

Enpak sa a pa limite sèlman ak anplwaye gouvènman yo; endistri sektè prive yo toupatou nan eta nou an pral santi li. Lè yo retire manm sa yo sanzatann nan mendèv nou an ak kominote nou yo, sa pral gen konsekans sou sèvis esansyèl Nouyòkè yo konte sou yo – avèk yon enpak patikilyèman grav sou sektè swen sante a, sa ki pral mete granmoun aje nou yo ak lòt Nouyòkè vilnerab yo an danje.

Pandan plizyè jenerasyon, Nouyòk te akeyi moun k ap kouri pou katastwòf oswa pèsekisyon epi
k ap chèche yon pi bon avni. Atravè Biwo pou Nouvo Ameriken (Office for New Americans) yo, administrasyon mwen an te
sipòte plizyè milye Nouyòkè avèk asistans pou aplikasyon TPS ak
reprezantasyon legal. Nouyòk rete angaje pou l sipòte moun ki gen TPS yo epi n ap kontinye fè tout sa ki nan pouvwa nou pou anpeche kominote imigran an sibi domaj.

Lè Mezon Blanch lan ak tout konsyans li epi avèk mechanste fòse plizyè milye fanmi kite peyi nou an epi
retounen nan peyi kote yo soti yo, kèlkeswa kriz imanitè k ap kontinye oswa k ap vin pi grav yo, li komèt yon zak ensousyan ak mechan. Men li pa twò ta pou chanje desizyon sa a.

Yon lòt fwa ankò, mwen mande ou pou retabli nèt TPS pou moun ki pa ka retounen akoz
enstabilite ekstrèm, vyolans ak kriz nan peyi ki deziyen pou TPS yo. Moun sa yo te bay kominote nou yo ak ekonomi nou an gwo kontribisyon, epi yo te ede defini karaktè eta nou an.

TPS egziste sitou paske moun yo pa ta dwe oblije retounen nan danje. Okenn administrasyon pa dwe ak tout konsyans yo voye moun tounen nan danje alòske lalwa bay yon chemen klè pou pwoteje yo.

M ap tann avèk enpasyans repons ou sou zafè ijan sa a. Nou menm, antanke lidè ak antanke Ameriken,
gen responsablite pou pwoteje ak prezève diyite, sekirite ak mwayen debaz pou tout moun viv.

Kòdyalman,
Kathy Hochul
Gouvènè

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.